



Kreyasyon	10/2010	Pwopriyetè	Perry, Meghan
Dènye Apwobasyon	06/2024		Vis Prezidan Adjwen Finans
Anvigè	07/2025		
Dènye Revizyon	06/2024	Aplikabilite	TidalHealth System
Pwochen Revizyon	06/2026		

Pratik Rekouvremman pou Pasyan

Règleman:

An jeneral, pasyan yo gen yon pòsyon lajan nan bòdwo TidalHealth yo a ke yo responsab apre peman asirans yo oswa si yo pa gen asirans. TidalHealth pral preleve pòsyon pasyan an responsab la pa yon mwayen akseptab fiskalman dapre tout lwa ak règleman federal ak eta yo. Poutèt règleman sa yo, TidalHealth dwe mete ladann TidalHealth Peninsula Regional, TidalHealth Nanticoke, TidalHealth McCready Pavilion, TidalHealth Primary Care, ak TidalHealth Specialty Care.

Rekouvremman an fèt dapre kapasite pasyan an pou l peye ki defini pa volonte li pou kowopere, reyaksyon li pou kominikasyon, revni ak byen li yo; oswa refi li pou kowopere si li pa reponn kominikasyon yo oswa refize peye alòske revni oswa byen li yo montre ke peman an posib.

TidalHealth kapab itilize founisè ekstèn pou bay sèvis rekouvremman ak/oswa pre-rekouvremman. Founisè yo aji dapre règleman TidalHealth yo epi lè règleman sa yo mansyone anlwaye, sèvis finansye oswa lòt mo menm jan an yo – founisè ak/oswa anlwaye founisè a yo enkli san mansyone yo.

Règleman faktirasyon Maryland Hospital Association ak American Hospital Association yo sèvi kòm gid pou tabli règleman nou yo. Tout sèvis lopital règleman yo, yap faktire yo menm jan an, jan sa tabli pa Komisyon Revizyon Pri Sèvis Lasante a (Health Services Cost Review Commission, HSCRC), ak pri yo faktire an jeneral yo. Tout pasyan yo ke yon founisè TidalHealth wè, nan lopital TidalHealth Nanticoke oswa nan yon zòn TidalHealth Peninsula Regional ki pa règleman yo, pral faktire yon dapre barèm frè a plis sipleman estanda a ki se Pri Faktire Anjeneral (Amount Generally Billed, AGB) pou TidalHealth. Pasyan ki peye pou tèt yo, pou tout sèvis ki pa reglemante pa HSCRC, ap resevwa yon rabè pou diminye chaj yo nan kantite lajan TidalHealth ke Medicare ta ka ranbouse yo, ki se metòd posib la. Pasyan ki peye pou tèt yo, kantite lajan nan bòdwo a pa pral depase barèm frè Medicare la pou tout sèvis ki pa reglemante yo.

TidalHealth bay asistans finansyè (Financial Assistance, FA) pou pasyan ki kalifye dapre kritè ki nan règleman Swen San Konpansasyon/Asistans Finansyè a, ke yo ka jwenn sou sit entènèt TidalHealth la: tidalhealth.org/patientforms tidalhealth.org/patientbills

Lè yon pasyan mande oswa soumèt yon aplikasyon pou asistans finansyè nan 240 premye jou apre premye bòdwo yo voye apre egzeyat la, Aksyon Rekouvremant Ekstrawòdinè yo (Extraordinary Collections Actions, ECA) ap sispann. Yo defini yon ECA kòm nenpòt aksyon legal ak/oswa rapò dèt la bay yon ajans rapò kredi konsomatè.

Si yon pasyan soumèt yon aplikasyon enkonplè, yap bay asistans pou ranpli aplikasyon an epi yo pral pèmèt yon kantite tan rezonab pou fè sa. Ou ka ranpli yon aplikasyon oralman. Si aplikasyon an apwouve konplètman, tout ECA yo pral anile. Nenpòt kantite lajan ki depase \$5 ki te deja ranmase nan men pasyan an oswa garantisè pou dat sèvis apwouve yo dwe ranbouse bay pasyan an si detèminasyon an fèt nan lespas de zan apati dat swen an.

Si aplikasyon an apwouve pou asistans pasyèl, ECA ap anile pou kantite lajan apwouve a. Si ajans rekouvremant an te jwenn yon jijman oswa rapòte nenpòt enfòmasyon negatif bay yon ajans rapò kredi konsomatè epi yo jwenn ke pasyan an imedyatman kalifye pou asistans finansyè, oswa li te peye bòdwo a nèt, ajans rekouvremant an dwe enfòm ajans rapò kredi konsomatè a nan lespas 60 jou.

Si yo refize asistans finansyè a, pasyan an ka mande rekonsiderasyon lè li soumèt yon lèt ki endike rezon pou demann lan bay Vis Prezidan Adjwen Finans lan (Sik Revni).

Tout aplikasyon ki apwouve pa TidalHealth Peninsula Rejyonal la pral aplike nan menm dat sèvis yo apwouve pou TidalHealth Nanticoke, TidalHealth Primary Care ak TidalHealth Specialty Care. Lòt founisè ki bay sèvis pou menm dat sèvis sa yo pa enkli nan règleman sa a. Yon fwa yo te apwouve yon demand, sèvis wit mwa anvan apwobasyon an ak douz mwa apre apwobasyon an ka enkli nan ajisteman an pou TidalHealth. Gade règleman pou Asistans Finansyè / Swen san Konpansasyon tou.

Rekouvremant nan men pasyan yo pral fèt nan fason ki pi oryante sou kliyan epi pwofesyonèl otan ke sa posib, dapre règleman rekouvremant TidalHealth yo. Nou itilize sèlman kominikasyon elektwonik pour zafè finansyè lè pasyan yo mande nou sa oswa fè yon demann elektwonik.

Pasyan yo ka mande aranjman peman san enterè.

Chaje enterè, frè tribinal, frè avoka, frè pou reta, oswa nenpòt frè administratif entèdi anvan yo jwenn yon jijman tribinal.

Y ap fè tout efò pou ankouraje peman san nesosite pou chèche ranfòsman legal pou peye. Kont yo ka plase nan yon ajans rekouvremant pou asistans nan rekouvremant lè pasyan an te resevwa yon kantite sifizan bòdwo, ki jeneralman egal a 3 oswa plis baze sou kantite lajan ki dwe a, men pa pi bonè pase 75 jou apati premye bòdwo apre-egzeyat ki montre yon balans pasyan. Pasyan an pral resevwa yon avi 30 jou sou entansyon ECA sou dènye bòdwo a si yo pa resevwa yon aplikasyon pou asistans finansyè ranpli epi yo pa t peye kantite lajan ki dwe a nan 120 jou apre premye bòdwo apre-egzeyat la. Anplis deklarasyon alekri yo, yo fè yon efò rezonab pou avèti oralman pasyan an sou ECA ki pral fèt la. ECA pa pral kòmanse pou jis omwen 120 jou apre premye bòdwo apre-egzeyat la.

Eksepsyon annapre yo ka lakòz yon referans imedyat nan yon ajans rekouvremant:

- Fayit (asire ke tout kondisyon yo satisfè)
- Sote - pa kapab jwenn epi kourye retounen
- Règleman Eritaj (pou swivi apwopriye ak potansyèl pou soumèt yon reklamasyon)
- Aplikasyon asistans finansyèl ki pa konplè oswa pa kalifye si pasyan an pa kowopere
- Konpansasyon Travayè ki enplike nan litij ak reta nan peman (jwenn rezolisyon anplwayè)
- Ka aksidan ki enplike nan litij ak reta nan peman
- Pasyan ki pa kowopere nan aplike pou asistans medikal

Ajans Rekouvremant nou yo otorize pou pran aksyon nan tribinal apre pwosedi entèn lan fini, sa ki gen ladann mank peman konplè oswa an pati pasyan an, absans demann Asistans Finansyèl oswa refi yon aplikasyon pou Asistans Finansyèl poutèt revni oswa yon fòm ki pa konplè, epi apre revizyon pa pèsònèl siperyè responsab rekouvremant an. TidalHealth ap pran sipèvizyon aktif nan tout aksyon rekouvremant dèt ak règleman rekouvremant founisè yo . Aksyon rekouvremant yo gen ladan yo, men pa sa sèlman:

- Prelèvman nan Salè
- Ipotèk sou Oto
 - a. Ipotèk la egzekite lè oto a vann oswa atravè eritaj lè pasyan an ak konjwen li mouri.
- Ipotèk sou Imobilye ak Pwopriyete Pèsònèl
 - a. Lè yo mete li sou yon rezidans pwensipal, ipotèk la egzekite lè pwopriyete a vann oswa atravè eritaj lè pasyan an ak konjwen li mouri.
 - b. Lè yo mete li sou yon rezidans segondè, vakans, oswa lòt rezidans, ipotèk la ka egzekite sèlman si pasyan an pa reponn oswa aranjman peman pwolonje ranbousman an plis pase senk (5) an.
 - c. Lè yo mete li sou pwopriyete biznis, si pwopriyete a nesèsè pou pwodiksyon revni prensipal, ipotèk la egzekite lè yo vann pwopriyete a oswa atravè eritaj lè lanmò pasyan an ak konjwen li. Si pwopriyete a pa asosye ak sous pwensipal revni a, ipotèk la ka egzekite sèlman si pasyan an pa reponn oswa aranjman peman yo pwolonje ranbousman an plis pase senk (5) an.
 - d. Lè yo mete li sou lot pwopriyete pèsònèl, ipotèk la ka egzekite sèlman si pasyan an pa reponn oswa aranjman peman an pwolonje ranbousman plis pase senk (5) an.

Pwosè yo pap avanse san akò ka-pa-ka yon anplwaye otorize TidalHealth. Aksyon ECA yo sispann si yo akòde oswa mande yon demann pou asistans finansyèl nan 240 jou apati premye bòdwo apre-egzeyat la.

Ajans rekouvremant yo ka rapòte enfòmasyon sou dèt pasyan yo bay ajans rapò kredi konsomatè yo sèlman si peryòd san peman an depase 365 jou apati premye bòdwo apre-egzeyat la. Yo pa rapòte dèt medikal ki gen yon balans mwens pase oswa egal \$500 bay ajans rapò kredi konsomatè yo. Ajans lan dwe rapòte peman ki fèt yo nan 60 jou apre dat obligasyon an te rive.

TidalHealth pa pral friz oswa sezi kont labank, lakòz yo arete yon moun, oswa voye yon manda pou arete yon moun.

Yon lòd legal pou parèt nan tribinal konsènan yon bòdwo ki pa peye ka voye sou demand Ajans rekouvremant an oswa pa avoka TidalHealth la. Yo pa otorize itilizasyon atach pèsònèl oswa kòporel pou fòse yon moun parèt devan tribinal.

Pasyan an oswa moun ki garanti a ka depoze yon plent kont TidalHealth oswa yon ajans rekouvremant ekstèn oswa lòt ajans itilize pa TidalHealth lè li pale ak nenpòt manm pèsònèl nan Sèvis Finansye Pasyan yo. Tout plent ki gen rapò ak pratik rekouvremant yo dwe egzamine pa Vis Prezidan Adjwen Finans lan (Sik Revni) oswa Manadjè Siperyè Kont Pasyan yo.

PRENSIP JENERAL

- Enkyetid sou yon bòdwo medikal pa ta dwe janm anpeche okenn moun resevwa sèvis sante ijan. Nou pral kominike mesaj sa a klèman bay pasyan potansyèl yo ak ajans sèvis kominotè lokal yo, epi fè li klè ke sèvis ijans yo pral bay san yo pa konsidere kapasite pou peye.
- Nou ede pasyan yo jwenn kouvèti asirans sante nan sous finansman prive ak piblik chak fwa sa apwopriye.
- Nou gen règleman ak pratik asistans finansye ki konsistan avèk misyon nou epi valè nou yo, ak lwa federal epi lwa eta a, epi ki konsidere kapasite chak moun pou kontribye nan pri swen li, osi byen ke kapasite finansye TidalHealth pou bay swen an.
- Nou pral fè efò pou fè règleman asistans finansyèl nou yo klè ak fasil pou konprann epi kominike nan yon fason ki gen diyite epi nan lang apwopriye pou kominote yo ak pasyan yo sèvi yo. Règleman sa yo nou fè yo disponib fasilman pou pasyan potansyèl ak aktyèl yo ak pou kominote a an jeneral.
- Règleman rekouvremant dèt - pa tou de anplwaye TidalHealth ak ajans ekstèn - ta dwe reflekte misyon ak valè TidalHealth yo, epi yo ta dwe kontwòle ak anpil atansyon pou evite konsekans endezirab.
- Nou aksepte tout moun, kèlkeswa kapasite pou peye, pou tès depistaj medikal ijan ak pou sèvis estabilizasyon, jan sa nesèsè, nan limit kapasite TidalHealth yo.
- Nou chèche rekouvremant yon reklamasyon, ak ladann rekouvremant nan men yon konpayi asirans oswa yon aranjaman peman ak moun ki responsab peman pou swen ki bay la.
- Nou asire ke yon admisyon oswa tretman ijan pa retade oswa refize annatant detèminasyon kouvèti asirans oswa kondisyon pou peman davans oswa depo.
- Nou afiche avi kòm sadwa sou disponiblite sèvis medikal ak obligasyon jeneral TidalHealth pou bay swen charite.

Siyati Otorizasyon

Deskripsyon Etap

Moun k ap apwouve a

Dat